

**Dis Konsèy pou Ankouraje Adolesan ou yo Fè  
Lekti (Laj 13+ ane)**

**Trase yon egzanp.** Kite ptit ou wè ou k ap fè lekti pou plezi.

**Mete yon varyete materyèl lekti lakay ou.** Kite liv yo, magazin yo, ak jounal yo nan kay la. Tcheke pou wè sa ki disparèt pou yon endikasyon ki enterese ptit adolesan ou.

**Bay adolesan yo yon opòtinite pou chwazi pwòp liv yo.** Lè oumenm ak ptit adolesan ou deyò ansanm, fè rechèch nan yon libreri oswa yon bibliyotèk. Ou ka deplase epi bay ptit ou mwayen pou fè pwòp chwa lekti li.

**Pran avantaj sou enterè ptit ou.** Chèche liv ak atik ki prezante ekip espòtif, chantè oswa aktè, pastan, oswa emisyon televizyon ptit ou pi renmen. Bay ptit ou yon abònman kòm kado nan yon magazin espesyal. Lekti tèks ki bay anpil enfòmasyon gen menm enpòtans avèk lekti woman.

**Konsidere lekti pou plezi kòm yon valè.** Prèske nenpòt sijè jèn timoun ou yo li – tankou Sunday comics – ede devlope ladrès nan lekti.

**Li kèk liv yo ekri pou adolesan yo.** Woman yo ekri pou jèn adilt yo kapab ba ou apèsi nan enkyetid ak presyon adolesan yo santi. Ou ka jwenn liv sa yo bay yon platfòm kote pou pale sou sijè sansib. Istwa “Coming of Age” sou zanmitay, fanmi, lanmò, chagren ak vwayaj kòm yon bon jan fason pou konekte liv yo avèk ou.

**Fè lekti awotvwa vin yon pati natirèl nan lavi fanmi ou.** Pataje yon atik ou te tache nan jounal, yon powèm, yon lèt, oswa yon paj owaza nan medya sosyal -- san ou vire nan yon lesон.

**Rekonèt enterè aklè ptit adolesan ou.** Chèche fason pou rekonèt adilt k ap parèt nan ptit adolesan ou yo depi ou sijere lekti adilt ou panse ptit ou kapab fè. Pètèt ou ka menm chwazi yon liv ou kapab li ak diskite.

**Kenbe gwo deskripsyon an nan lespri ou.** Pou tout kalite rezon, kèk adolesan pase kèk peryòd san yo pa montre anpil enterè nan lekti. Pa panike! Tan, epi avèk kèk nan konsèy sa yo, ka ede relanse enterè yo.

**Adopte Nouvo Alfabetizasyon ak Langaj Nimerik.** Timoun yo se natifnatal dijital epi yo nan aparèy yo souvan. Maksimize konpòtman sa a epi ankouraje lekti nan aparèy sa yo anplis liv yo.

**Sous:** Reading Is Fundamental

**Dat Dènye Modifikasyon:** Avril 2019